


Prezidan Thomas S. Monson



“Jan Mwen Te Renmen Nou an”

Sa fè kèlke lane yon zanmi ki te rele Louis te rakonte m yon istwa touchan sou manman li ki te janti e ki gen vwa dous. Lè li te mouri, li pa t kite okenn pil lajan pou pitit gason ak pitit fi li yo men pito yon eritaj richès nan egzanj, nan sakrifis, nan obeyisans.

Aprè elòj nan antèman an te fin fèt epi mach tris al nan simityè a te fèt, timoun yo ki te vin gran kounye a t ap triye nan ti kantite byen manman yo te kite. Pami yo, Louis te dekouvri yon nòt ak yon kle. Nòt la te di: “Nan chanm nan kwen kay la, nan dènye tiwa kwafèz mwen an, gen yon ti bwat. Li genyen trezò kè m. Kle sa a ap ouvri bwat la.”

Yo tout te mande tèt yo kisa manman yo te genyen ki te gen ase valè pou li mete l anba kle ak kadna.

Yo te retire bwat la kote li te ye a epi yo te ouvri l avèk swen avèk kle a. Lè Louis ak lòt yo te egzamine sa ki te nan bwat la, yo te jwenn yon foto endividyèl de chak nan yo menm, avèk non ak dat nesans yo. Apresa Louis te rale yon kat Sen Valanten. Nan yon ekriti timoun, ke l te rekonèt kòm pa l, li te li mo ke l te ekri 60 an pase: “Chè Manman, mwen renmen ou.”

Kè yo te touche, vwa yo te ba, epi zye yo te mouye. Trezò manman an sete fanmi etènèl li. Fòs li te repoze sou fondasyon fèm ki se “mwen renmen ou” lan.

Nan mond jounen jodi a , pa gen okenn lòt kote nou plis bezwen lanmou solid sa a pase nan fwaye a. E pa gen okenn kote mond lan ka jwenn yon pi bon egzanj

sou fondasyon sa a pase nan fwaye Sen Dènye Jou ki fè lanmou vin kè lavi familyal yo.

Pou nou menm ki pwofese ke nou se disip Sovè a Jezikri, li te bay enstriksyon sa a ki gen anpil enplikasyon:

“M ap bannou yon kòmandman nouvo, se pou nou youn renmen lòt. Wi, se pou nou youn renmen lòt menm jan mwen renmen nou an.

“Si nou youn renmen lòt, lè sa a tout moun va konnen se disip mwen nou ye.”¹

Si nou vle respekte kòmandman pou youn renmen lòt la, nou youn dwe trete lòt avèk jantiyès ak respè, nou dwe montre lanmou nou nan entèraksyon jounalye nou yo. Lanmou ofri yon mo ki janti, yon repons ki pasyan, yon zak ki pa egoyis, yon zòrèy ki konprann, yon kè ki pado-ne. Nan tout asosyasyon nou , zak sa yo ak lòt tankou yo ap ede lanmou ki nan kè nou parèt pi evidan.

Prezidan Gordon B. Hinckley (1910–2008) te obsève: “Lanmou . . .se trezò lò ki nan pwent akansyèl la.” Men li plis pase pwent akansyèl la. Lanmou nan kòmansman an tou, epi se ladan l bote ki nan syèl la lè gen move tan soti. Lanmou se sekirite ke timoun yo ap kriye pou li, se dezi kè jèn yo, se kolan ki kole maryaj, ak librifyan ki anpeche friksyon nan fwaye a; se lapè laj avanse, reyon solèy espwa ki klere atravè lanmò. Ala rich moun ki genyen li nan asosyasyon yo avèk fanmi, zanmi, legliz, ak vwazen yo rich.”²

Lanmou se nannan levanjil la menm, se atribi ki pi nòb yon nanm. Lanmou se remèd pou fanmi ki pa byen,

kominote ki aflije, ak nasyon ki malad. Lanmou se yon souri, yon siy, yon mo janti, ak yon konpliman. Lanmou se sakrifis, sèvis, ak jenewozite.

Mari yo, renmen madanm nou. Trete yo ak diyite ak apresyasyon. Sè yo, onore mari nou. Trete yo avèk diyite ak ankourajman.

Paran, renmen timoun nou yo. Priye pou yo, ansenye yo. Timoun yo, renmen paran nou. Montre yo respè, rekonesans, ak obeyisans

San lanmou pi Kris la, Mòmou di ke “nou pa anyen.”³ Priye m se pou nou ta suiv konsèy Mòmou an “pou nou priye Papa a avèk tout enèji kè nou, pou nou kapab chaje ak lanmou li, ke li devèse sou tout moun ki se vrè disip Pitit Gason L i a, Jezikri; pou nou kapab vin tounen pitit Bondye; pou lè l parèt nou ap tankou l.”⁴

NÒT

1. Jan 13:34-35.

2. Gordon B. Hinckley, “Epi Pi Gran Nan Bagay sa yo Se Lanmou,”

Lyawona, Mas 1984, 3.

3. Mowoni 7:46; gade tou vèsè 44.

4. Mowoni 7:48.

ANSÈYMAN MESAJ SA A

Prezidan Monson ansenye nou enpòtans demonstrasyon lanmou kretyen, patikilyèman nan fwaye a. Panse pou w mande moun ou vizite yo pou yo rasanble antanke fanmi pou diskite sou fason yo kapab montre plis lanmou youn pou lòt. Ou kapab ankouraje yo seleksyone youn nan ide sa yo epi fè plan pou konplete l antanke yon fanmi. Pa egzanp, manm fanmi an kapab eseye fè yon ti zak sèvis sekre pou yon lòt manm nan fanmi an chak semèn. Ou kapab mande yo pou yo reflechi sou kijan lit pou yo atenn objektif yo ogmante lanmou nan fwaye a.

JÈN YO

Priye pou Lapè

Pa Sarah T.

Paran m te konn asiste reyinyon apre legliz souvan, epi mwen te konn siveye twa ti frè m yo epi ede yo prepare dine—souvan yo konn kolerik ak grangou.

Dabitid si yo te kòmanse goumen, mwen te kapab rezoud ti pwoblèm nan byen vit. Men pafwa li te difisil pou fè lapè lè yo te kòmanse goumen paske mwen te konn vin irite.

Yon aprèmidi, frè m yo te gen pwoblèm pou yo te antann yo. Mwen te reyalize efò m yo pou te etabli lapè a te fè bagay yo vin pi grav paske mwen te fache. Donk mwen te jis prepare manje pa m epi m te sispann pale. Finalman, m te anonse, “Mwen pral priye.” Èske nou ka fè silans pou yon ti moman silvouplè?” Lè yo te kalme, mwen te fè yon benediksyon sou manje a. Avan m te fini priye a, m te ajoute, “Epi tanpri ede nou pou nou kapab patizan lapè.”

Toudabò, li pa t sanble ke yo te tandè epi yo te kòmanse goumen ankò. Mwen te enève men m te konnen mwen te bezwen eman epi kalm paske m te fèk priye pou lapè. Apre yon minit, m te santi m vrèman kalm. Mwen te manje san m pa t di anyen, epi finalman ti mesye yo te sispann goumen. Mwen te reyalize ke lapè m te santi a sete yon repons pou yon priye senp. Mwen te priye pou m te ka yon patizan lapè, epi Papa m ki nan Syèl la te ede m rete kalm lè mwen te tèlman tante pou m rele sou yo. Mwen konnen ke Li ka vrèman bannou lapè.

Otè a ap viv nan Arizona, Etazini .

TIMOUN YO

Vrè Trezò

Prezidan Monson bay yon istwa apwopo yon manman ki te gen yon trezò spesyal nan yon bwat. Lè timoun li yo te ouvri bwat la, yo te jwenn foto yo menm. Trezò manman an se te fanmi li!

Vrè trezò se pa lò oubyen bijou—se moun ou renmen. Kiyès ou renmen? Desine yon bwat trezò avèk yon foto yo oubyen non pa yo anndan bwat la.

© 2017 pa Intellectual Reserve, Inc. Tout dwa rezève. Enprime nan Etazini Damerik. Apwobasyon anglè: 6/16. Apwobasyon tradiksyon: 6/16. Tradiksyon *First Presidency Message, February 2017*. Haitian Creole. 97922 036



Lafwa, Fanmi, Sekou

Ekspyasyon Kris la se prè Lanmou Bondye

Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche enspirasyon pou w ka konnen kisa pou w pataje.

Konprann ke Papa nou ki nan Syèl la te bay Sèl Pitit Gason Li a pou nou ka gen imòtalite ak potansyèl pou lavi etènèl, ap ede nou santi lanmou enfini ak enkonpreyansib Bondye genyen pou nou. Sovè nou an renmen nou tou.

“Kiyès ki va separe nou de lanmou Bondye?” . . .

“Paske mwen konvenk ke, ni lanmò, ni lavi, ni zanj, ni prensipote, ni pouvwa, ni bagay ki la, ni bagay ki gen pou vini,

“Ni wotè, ni pwofondè, ni okenn lòt kreyati, pa’ kapab separe nou de lanmou Bondye, ki nan Jezikri Sovè nou an” (Women 8:35, 38–39).

Èldè D. Todd Christofferson nan Kolèj Douz Apòt yo te di konsènan Ekspyasyon Jezikri a: “Soufrans Sovè a nan Jetsemani ak agoni Li sou kwa a rachte nou anba peche paske Li satisfè demann lajistis

gen sou nou yo. Li bay pitye epi li padone moun ki repanti. Ekspyasyon Jezikri a satisfè dèt lajistis dwe nou nan geri ak konpanse nou pou nenpòt soufrans nou andire inosaman. ‘Paske gade, li soufri doulè tout moun, wi doulè tout kreyati vivan, ni gason, ni fi, ak timoun ki fè pati nan fanmi Adan an’ (2 Nefi 9:21; wè tou Alma 7:11–12).”¹

Kris la “te ekri non [nou] nan pla men [L’]” (Ezayi 49:16). Linda K. Burton, Prezidan Jeneral Sosyete Sekou a, di, “Zak siprèm lanmou sa a dwe mete chak nan nou menm ajenou nan priyè enb pou di Papa nou ki nan Syèl la mèsè paske Li renmen nou ase pou Li te voye Sèl Pitit Gason Literal pafè Li a pou soufri pou peche nou, lapèn nou, ak tout bagay ki parèt enjis nan lavi endividyèl nou.”²

Ekriti ak enfòmasyon adisyonèl

Jan 3:16; 2 Nefi 2:6–7, 9;

reliefsociety.lds.org

NÒT

1. D. Todd Christofferson, “Redemption,” *Ensign* oswa *Liahona*, Me 2013, 110.
2. Linda K. Burton, “Èske lafwa nan Ekspyasyon Jezikri a ekri nan kè nou?” *Liahona*, Nov. 2012, 114.

Konsidere sa

Kijan nou ka exprime rekonesans ak lanmou pou Bondye ak pou Jezikri poutèt kado Ekspyasyon Sovè nou an?